# НОХЧИЙН МЕТТАН ОЛИМПИАДА – 11 КЛАСС

**Леррина, ойла а еш, еша текст.**

___ Хин шортоно качбина иза мачашна д1оггара т1е а ца летара, цундела некъ бан хала дацара…____ Некъаца хатт баьллера. ____Алхастан палашана 1уьрг даккха г1ерташ санна, г1ора мадду т1е деттара цо шен даккхий т1адамаш.____Дог1а хьалха санна т1едог1ура.

Кестта, къилбаседа аг1ор юьртах а ваьлла, ахка т1е кхечира Алхаст.

Гумс дистина дара. Лакхенца мел йолу гуьриг, юьхк, орамашца схьадаьхна дитташ, говран коьрттал т1улгаш, нехаш, кондарш…ерриге а и 1алаг1ожа схьалахьийна, айина, карчийна, такхийна охьанехьа ядийна дог1ура и. **Генна д1адаьржара цуьнан дера г1иг1. Д1асхьа хила некъ ло шена адам дийна лурдоьлла дог1а ша бохург ду цуьнан и г1иг1дар олура наха. Оцу к1урк1аманех къехкаш бердан йистонца хи т1ехула бакъаш а гуш лач1къа меттиг боцуш хьийзара ч1ерий. Цхьа декъаза 1оьхуш шен маттахь орца доьхуш кхераелла 1адийна буьхьиг а яьхьира гумсо к1езанан «1анц» а хезира цкъа хедаш юха ц1ог1ане дуьйлуш.** Хиэ дохьучу диттан гаьннех хьаьрчина, буьстина цаваллал беха лаьхьа а гира Алхастана ткъесан серлонехь, массарна а кхерам тийсина, амма тахана ша кхерамна к1ел болу ямарта лаьхьа. 1оьхучу гомашан а, кхин а хьенан ду къаста ца ло ирча аьзнаш г1уьттура дистинчу хиэ йохьучу чолхат1ера. Шен дерачу оьг1азлонах яда цаларийна, я йижина йисина х1ума цхьа а ца кхоийнера 1овраша-булкъаша дузийна хьерадаьккхинчу гумсо.

Алхастан да г1о дацара оцу пекъаршна, гумсан ижуш яра уьш, г1ира-экханан ира к1омсар дог1мех йоьлла ижуш…

Хих вала гечо лехар эрна дара. Малхбузехьа вирзина, гумсан хоршаца т1ай т1е кхаччалц д1авахара Алхаст. Цигахь т1айх а ваьлла, ша лаьцначу 1алашонца д1аволавелира.

(У.Юсупов «Къоман тептар»)

**1. Текстехь нийсаяздаран г1алаташ схьалаха. Яздан ма-деззара, схьаязде и дешнаш.**

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________

**2. 1-чу абзацера предложенийн рог1алла нисъе** (х1ора предложенина хьалха (сиз хьаькхначохь) даладе цуьнан рог1аллин терахь).

**3. Билгалъяьккхинчу кийсакехь дог1у сацаран хьаьркаш дахка.**

**4. Буьззина синтаксически таллам бе предложенина:**

Лакхенца мел йолу гуьйриг, юьхк, орамашца схьадаьхна дитташ, говран коьрттал т1улгаш, нехаш, кондарш…ерриге а и 1алаг1ожа схьалахьийна, айина, карчийна, такхийна охьанехьа ядийна дог1ура и.

(________________________________________________________________________________

_____________________________________________)

**5. Совнаха долу дош билгалдаккха. Дийца, х1унда лерина ахь и сов.**

1) д1авахара, кхераелла, д1аволавелира, схьалахьийна, т1едеттара.

2) юьртах, юьхк, яьхьира, яда, кхераелла.

6.**Оьрсийн матте гочде дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а:**
1) г1ора –
2) ц1ог1а –
3) к1урк1аманех къехкаш –
4)г1ира–экха -
5)ижу–

**7. «Ахк» бохучу дешан ши маь1на ду. Х1ора маь1ница дог1у цхьацца масал даладе лахахь (нохчийн а, оьрсийн а маттах пайда а оьцуш):**
1)

2)

Билгалдаккхар: масалш тайп-тайпана дало тарло (дешнийн цхьаьнакхетарш, кицанаш, фразеологизмаш), коьртаниг уьш маь1ница нийса дог1уш хилар ду.

**8. Схьаязде текста юкъара дукхаллин терахьехь ца лела юкъара ц1ердешнаш.**

**9. Схьаязде текста юкъара:**
-масдарш -
-лааме-причасти –

**10. Фонетически таллам бе дешнашна:**
Кхераелла, яьхьира.

**11. Легаде дешнаш *баккъаш, д1оггара.***

**12. «Алхастан дан г1о дацара оцу пекъаршна, Гумсан ижуш яра уьш, г1ира-экханан ира к1омсар дог1мех йоьлла ижуш...»- предложенера грамматически лард (бух) схьаязъе.**

**13. Дешан х1оттамца талла дешнаш, дийца церан кхолладаларан некъех.**
Д1асхьахила, декъаза, малхбузехьа.

**14. Антонимаш ялае кху дешнашна:**

Къилбаседа - ________________________, малхбузе –_____________________, дера – _______________________________, декъаза – ______________________, охьанехьа – ___________________________.

**15. Стенах олу дешт1аьхье?**

**16. Предложенера т1едерзар схьайазде:** Хьан декаро, хьан мукъамо сан кийрахь дукха хенахь дуьйна схьа лаьттина йолу г1айг1а яшийна д1аяьккхинера , сан жима олхазар!

______________________________________________________________________________

**17. Схьаязйе предложени юккъара метафора:** Йоь1ан каракхаьчча, меллаша т1етт1адахара цуьнан б1аьргийн туьтеш.

______________________________________________________________________________

**18.** Суьйре, 1уьйре – **дешнийн нийсаяздаран т1еч1аг1дар даладе.**

______________________________________________________________________________

**19. Предложенера къастам схьаязбе:** Башха гена доццуш цкъа гучу а баьлла, юха а цхьана т1улга т1ехьахь къайлабелира экханан букъ.

______________________________________________________________________________

**20. Мухаллин билгалдешнаш дукхаллин терахье даха:**

Жима –

Онда –

Дуткъа –

Гома –

**21. Со, хьо, шу боху ц1ерметдешнаш д1аязде дийриг дожарехь.**

______________________________________________________________________________

**22. Хотталург а, дустург а дожарехь д1аязде х1ара дешнаш: цхьаберш, кхиберш.**

______________________________________________________________________________

______________________________________________________________________________

**23. Мухаллин билгалдешнаш, къовларш д1а а йохуш, д1аязде.**

Шурул (к1айн) ____________________________________________________

Ц1ен (къорза)_____________________________________________________

Таь1на (ц1ен) можа_________________________________________________

Таь1на (боьмаша) _________________________________________________

**24.** Аьлла **боху дош т1екхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш муха йаздо? Даладе масалш.**

______________________________________________________________________________

______________________________________________________________________________

**25. Къовларш схьа а йостуш д1аязде х1ара дешнаш: (цхьа) жимма, (цхьа) к1еззиг, (цхьа) наггахь, (цхьа) терра.**

______________________________________________________________________________